Dokiman one-pager sou solisyon ki egziste yo ki kapab fèt yo
Nòt konseptyèl (vèsyon kout)

Yon pwoblèm pa janm rezoud pou kò l
Plenyen sou pwoblèm nan sèlman pa p janm rezoud li
Yon kontribisyon kolektif se meyè solisyon ak yon pwoblèm kolektif

Rob Waddle

Rezime egzekitif. Pwoblèm yo pap janm rezoud toutan nou pa poze chema solisyon ki egziste yo e ki kapab fèt yo. Nou pral aplike apwòch dokiman One-pager sa ki fenk vini an an Ayiti. Nou lanse apèl sou pwodiksyon dokiman One-pager yo sou tematik transvèsal ak sektoryèl ak tout pwofesyonel Ayisyen yo, ak tout espesyalis ki renmen Ayiti yo, swa ki ann Ayiti oswa ki aletranje, sa ki gen fòmasyon akamedik ak esperyans pwofesyonel toutbon nan yon tematik e ki vle pote kontribisyon pa yo nan amelyorasyon byennèt kolektif ann Ayiti.

Nou pral reponn a 5 kesyon kle : Ki sa ki yon One-pager ye ?, Ki itilite l ?, Kòman pou nou fèl ?, Kiyes ki ka fèl ?, Ki tematik yo ka trete ladann ?, avan nou lanse apèl sou pwodiksyon dokiman One-pager yo.

1. Yon One-pager se yon dokiman yon grenn paj ki dekri on tematik kelkonk. Lansman dokiman One-pager li se premye etap pou n franchi pou rezoud pwoblèm ki an Ayiti yo. Dokiman One-pager sa yo pral dekri pwoblèm ki empòtan an Ayiti ak solisyon senkant senkant ki mache avèl yo, kap gen yon efè inklizif, miltiplikatè ak catalyzè.
2. Nou tout konnen ke pou on peyi devlope nou dwe : kowodone, aplike, suiv, epi evalye tout solisyon nou wè ki posib yo. Se sak fè dokiman One-pager yo enpòtan anpil, paske avek li nap yon gen vizyon an gran plan sou problem ak solisyon yo, e sa pral debouche sou yon revey konsyans jeneral ki pral pouse nou fè suivi pou mennen nan aplikasyon solisyon yo.
3. Nou dwe fè yon sentèz (dokiman One-pager) ki komanse avèk idantifikasyon yon pwoblèm fondamantal ki nan papye, kote solisyon an deja aplike lòt kote ak rezilta yo, mete sou sa ak rechèch ki dokimante k ap mennen nan solisyon. Pati sa nan dokiman One-pager a ase fasil e entuitif pou espesyalis tematik yo (transvèsal oubyen sektoryèl). Yon lòt bò, pati dokiman One-pager sou anrichisman solisyon ki la kounye yo ak lide pwogram oswa pwojè aplikasyon an mwens klè.
4. Chaje pwofèsyonèl Ayisyen ki kalifye, ki gen fomayon akademik ak eksperyans pwofesyonel toutbon, an Ayiti tankou a letranje. Se yo menm ki dwe kontribye nan defini solisyon ki egziste yo ki kapab fèt yo, ak aplikasyon yo, suivi yo ak evalyasyon yo. Google, Banque Mondiale, BID, etc. gen bon bibliotèk an liy. *Tout tchala yo deja la. Nou jis bezwen rezime epi re-ekri.*
5. Dokiman One-pager yo kapab konsantre sou tematik ki lye ak pwoblèm ki pi enpòtan yo :
    - Sekirite ak Jistis
    - Gouvènans (administrasyon, finans piblik, transparans ak rann kont)
    - Enpinite, koripsyon ak sitwayente
    - Filyè agrikòl, elvaj pwason, avikòl, animal, ak touris (pwodiksyon, transpò, transfòmasyon ak komèsyalizasyon) dokiman 81 pwodui tipik ki nan 10 depatman yo, avèk akonpayman teknik ak mikro kredi ki solid ; Sistèm enfòmasyon agrikòl
    - Edikasyon (fòmasyon pwofèsyonèl ak inivèsitè) k ap bay travay, pwodiksyon ak teknoloji
    - Netwaye dlo ak jere fatra ; Sistèm enfòmasyon sanitè
    - Jesyon basen dlo ak kano irigasyon
    - Kilti, lwazi ak divètisman
    - Komès entènasyonal ak Envestisman Dirèk Etranje
6. Nou envite pwofèsyonèl Ayisyen ki kalifye, ki gen fòmayon akademik ak eksperyans pwofesyonel toutbon, an Ayiti tankou a letranje e ki entèrese yo, konekte avèk nou sou Linkedln (https://www.linkedin.com/in/jobpaw/) epi ekri sou rwaddle@forumopportunite.com, swa ou ekri yon One-pager, swa pou fè pati yon ekip lektè kritik. Nou envite yo chwazi ekri dokiman One-pager kap eksplike :
    - bagay moun gentan fèt deja e moun reyisi fè lòt kote avèk rezilta faktyèl epi
    - bagay moun kapab adapte epi vin fè an Ayiti, pou rezoud pwoblèm ki pi enpòtan yo an Ayiti.

Nou pati sou prensip si n ap fè fas ak yon pwoblèm men nou gen posiblite kontribye nan solisyon pwoblèm nan, nou ta dwe aji pou n pa janm kite jenerasyon k ap vini a jwenn menm pwoblèm nan.e.